Pou Piblikasyon Imedya: 10/07/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE 2.8 MILYON VIZITÈ NAN PAK ETA NEW YORK YO PANDAN JOU FERYE KAT JIYÈ A APRÈ LANSMAN KANPAY "DEKONEKTE SOU ENTÈNÈT, SOTI"

Aprè Gouvènè Hochul te anonse aksè gratis nan pisin pak eta pandan ete sa a, frekantasyon pisin yo te ogmante plis pase 65 pousan wikenn 4 jiyè a

Frekantasyon jeneral nan pak eta a ogmante nan 30 pousan pou 2.8 milyon vizitè

83,741 moun te vizite pisin yo nan pak eta nan New York 4 jiyè jiska 7 jiyè – yon ogmantasyon 33,219 konpare ak 2023

Nan kad kanpay ete Gouvènè a pou ede timoun ak fanmi yo "Dekonekte sou Entènèt, Soti"

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a frekantasyon pisin nan Pak Eta New York la te ogmante plis pase 65 pousan ant 4 jiyè - 7 jiyè apre Gouvènè a te rann aksè nan pisin Pak Eta gratis pandan tout ete a nan kad kanpay li "Dekonekte sou Entènèt, Soti" (Get Offline, Get Outside). Frekantasyon jeneral nan Pak Eta yo te ogmante tou nan 30 pousan pandan wikenn ferye a, soti nan 2.2 milyon vizitè an 2023 pou rive 2.8 milyon ane sa a. Gouvènè a te lanse inisyativ "Dekonekte sou Entènèt, Soti" pou ankouraje sante fizik ak mantal lè li ede timoun ak fanmi New York yo depoze telefòn yo ak òdinatè yo, pran yon ti poz nan rezo sosyal yo, epi jwi moman lwazi ak rasanbleman sosyal anplennè. Inisyativ sa a te fèt aprè envestisman istorik 150 milyon dola li nan NY SWIMS pou sipòte pisin yo nan kominote defavorize yo – pi gwo envestisman New York nan natasyon depi New Deal la.

"Wikenn kat jiyè sa a, timoun ak fanmi New York yo te depoze telefòn yo, yo te soti deyò epi yo te pwofite aksè gratis nan pisin nan bèl Pak Eta nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Se yon bon nouvèl pou nou wè dè milyon moun te pase tan yo anplennè jou ferye ki sot pase yo, epi m ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo kontinye rete aktif epi konbat chalè a pandan ete a."

Soti 4 jiyè jiska 7 jiyè, 2.8 milyon Nouyòkè te koute konsèy Gouvènè a pou yo soti deyò nan yon Pak Eta New York epi selebre jou ferye a. 83,741 moun te vizite pisin yo nan Pak Eta a – yon ogmantasyon 33,219 konpare ak 2023. Nan dat 2 jiyè, Gouvènè

Hochul te anonse Eta a ap anile frè antre nan pisin pou rès ete sa a nan pisin ki nan Pak Eta yo nan New York. Frè pakin nòmal toujou aplike nan lokal Pak Eta yo ki gen pakin sou plas. Gouvènè Hochul te kòmanse tou yon pwogram pilòt nan pisin yo nan Pak Eta a pou ofri krèm pwoteksyon solè gratis pou ede fanmi yo rete an sekirite nan solèy la epi jwi aktivite anplennè.

Komisè Tanporè Pak Eta New York la, Randy Simons, te deklare, "Wikenn Jounen Endepandans Eta New York la te chaje ak moun k ap naje, fè kan, jwe gòlf, fè randone ak vizite pak ak sit istorik nou yo. New York gen chans pou genyen Pak Eta ak sit istorik kalite siperyè atravè Eta a, e mwen kontan, Gouvènè Hochul ap ankouraje fanmi yo pou yo 'Dekonekte sou Entènèt ak Soti' pou yo dekouvri bèl destinasyon anplennè nan Eta a."

Kanpay "Dekonekte sou Entènèt ak Soti" Gouvènè Hochul la baze sou efò li pou ankouraje yon vi ki an sante pami jèn ak fanmi atravè New York. Gouvènè Hochul dènyèman siyen lejislasyon prensipal nan nasyon an – Lwa pou Sispann Eksplwatasyon Fliks Adiktif (Stop Addictive Feeds Exploitation, SAFE) pou Timoun ak Lwa Pwoteksyon Done Timoun New York yo – pou pwoteje timoun yo kont fliks rezo sosyal ki adiktif epi pwoteje done pèsonèl nan platfòm sou entènèt yo.

Nan kad envestisman 1 milya dola li nan sante mantal nan tout eta a, Gouvènè Hochul te elaji yon fason siyifikatif aksè ak swen sante mantal ak resous pou jèn moun yo ak fanmi yo, ki gen ladan klinik sante mantal ki baze nan lekòl yo ak ekip Tretman Kominotè Enklizif pou Jèn yo. Gouvènè a te baze sou envestisman sa a ak finansman adisyonèl pou sipò ak sèvis pou jèn yo nan bidjè ki adopte pou ane fiskal 2025 la.

Menm jan Gouvènè Hochul ap ede jèn yo evite abitid ki pa bon pou lasante epi sipòte sante mantal yo, li rann li pi fasil tou pou timoun yo vin aktif fizikman epi pase tan anplennè avèk zanmi ak fanmi. Anons sa yo pou elaji aksè nan pisin yo ak transpò nan kou natasyon yo pral ede plis Nouyòkè atravè eta a pou yo "Dekonekte sou Entènèt, Soti".

Nouyòkè yo ka vizite pisin sa yo san yo pa peye frè antre ete sa a:

- **Hudson Valley**
  - **Pisin Pak Eta Bear Mountain** – Bear Mountain
    - **Pisin Pak Eta FDR** – Yorktown
      - **Pisin Pak Eta High Tor** – New City
        - **Pisin Pak Eta Rockland Lake** – Valley Cottage

- **Vil New York**
  - **Pisin Pak Eta Roberto Clemente**– Bronx
    - **Pisin Pak Eta Riverbank (Alenteryè ak Aleksteryè)** – Manhattan

- **Long Island**
  - **Pisin Beny Piblik Lwès Pak Eta Jones Beach** – Wantagh
    - **Pisin Pak Eta Montauk Downs** – Montauk

- **Rejyon Kapital**
  - **Pisin Pak Eta Saratoga Spa (Peerless ak Victoria)** – Saratoga Springs

- **Mohawk Valley**
  - **Pisin Pak Eta Mine Kill** – North Blenheim

- **Southern Tier**
  - **Pisin Pak Eta Watkins Glen** – Watkins Glen

- **Finger Lakes**
  - **Pisin Pak Eta Letchworth** – Castile

- **Western New York**
  - **Pisin Pak Eta Fort Niagara** – Youngstown

- **North Country**
  - **Pisin Pak Eta Keewaydin** – Alexandria Bay

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU